



Apre Yon Dyagnostik Kansè Pwostat



Kansè pwostat se yon tip kansè ki kòmanse nan pwostat la. Pwostat la se yon glann yo jwenn sèlman kay gason. Li pwodwi kèk likid ki fè pati de espèm nan. Pwostat la anba blad pipi a (ògan kote pipi a estoke a) ak devan rektòm lan (dènye pati entesten yo). Si yo te di w gen kansè nan pwostat, ou te pwobableman déjà fè egzamen PSA (prostate-specific antigen), analiz san ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou verifye kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou te ka fè lòt pwosedou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip kansè pwostat ou genyen, ki grad ak ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

Tretman pou kansè pwostat

Kansè pwostat pa toujou bezwen trete touswit. Si yo jwenn li byen bonè epi li se yon tip ki devlope tou dousman, doktè w ta ka sijere obsèvasyon, atant vijilan, oswa siveyans aktif. Sa vle di yo pral kontwole w regilyèman pou wè si kansè a ap devlope oswa lakòz pwoblèm. Pa gen okenn tretman kansè ki administre pandan tan sa a.

Si sa nesesè, gen anpil fason pou trete kansè pwostat, ki gen ladan chiriji, radyasyon, ak medikaman tankou chimyoterapi, terapi medikaman sible, oswa iminoterapi. Tretman an depann de tip, stad, ak grad kansè pwostat ou an, rezulta tès sou selil kansè w yo, sante w, ak preferans pèsonèl ou. Anpil fwa, plis pase yon tip tretman konn nesesè.

Gen kèk tretman ki ka rann ou enpwisan (pa kapab gen yon erekson) epi ka afekte kontwòl blad pipi w. Si w ta toujou vle gen timoun, tretman an ka afekte fètilite w (kapasite w pou ansent yon moun), men gen fason pou pwoteje kont sa. Li enpòtan pou pale ak doktè w byen bonè, anvan tretman w lan kòmanse. Li ka ede w konprann a kisa pou w atann.

Asire w ke w mande:

- Ki objektif tretman an?
- Ki tip kansè pwostat mwen genyen?
- Ki stad ak grad kansè pwostat mwen an ye, e kisa sa vle di?
- Kisa rezulta tès byomakè yo ye?
- Ki lòt bagay ou te aprann nan rezulta tès mwen yo?
- Èske m ap bezwen plis tès?
- Èske m dwe trete touswit?
- Si nou deside tann, kisa k ap rive apre sa?
- Èske m ap bezwen fè chiriji?
- Èske m ap bezwen fè tès jenetik?

A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Si tretman nesesè, ekip swen kansè w la pral eksplike w plan tretman an. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si w ap fè yon prostatektomi (chiriji pou retire pwostat la) ou pral travay avèk yon chirijen pou konnen a kisa pou atann anvan, pandan, ak apre chiriji an. Si w bezwen lòt tip tretman, ekip swen kansè w la pral eksplike w kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè tou analiz san, eskanè, oswa lòt tès nan sèten moman pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou kansè pwostat ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, efè segondè chiriji diferan de efè segondè yon chimyoterapi, terapi òmonal, terapi medikamn sible, iminoterapi, oswa tretman radyasyon. Epi moun kap resevwa menm tretman an ka gen efè segondè diferan.

Asire w ke w mande:

- Ki opsyon tretman mwen genyen? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen e poukisa?
- Èske gen esè klinik k ap fèt pou tip kansè mwen an?
- Ki efè segondè m ka genyen, e ki sa m ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m pral resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske m ap ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?

- Èske tretman an pral afekte vi seksyèl mwen? Kijan ak pou konbyen tan? Kisa mwen ka fè pou m ede nan sa?
- Èske m ap bezwen pran kèk prekosyon pou m pa ansent yon moun pandan tretman an?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman, mande doktè kansè w pou yon rezime tretman ak plan swivi. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen fanmi w oswa medsen tretan w pou ede jere efè segondè tretman an epi kontwole sante jeneral ou. Ou pral gen pou fè tès regilye pou tcheke si kansè w lan retounen, oswa pou verifye si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Pou kèk moun, kansè a ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesesè pou verifye efikasite li.

Ou ka fè fas ak chanjman nan kò w apre tretman. Pa egzanp, ou ka gen pwoblèm entesten, blad pipi, oswa pwoblèm seksyèl. Ou ka gen tou sikatris akoz chiriji an oswa chanjman nan po ki soti nan radyasyon oswa chimyoterapi an. Mande doktè w a kisa pou atann ou epi fè li konnen si ou gen nenpòt pwoblèm.

Si tretman w ta vin lakoz ou enpwisan, pale ak ekip swen kansè w sou medikaman ki ta ka ede, konsèy sou seksyalite, ak posibilité pou jwenn èd pou planin familyal.

Moun ki te gen kansè pwostat yo a risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si kansè pwostat ou an retounen.

Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè tès pou verifye si kansè lan m retounen, oswa si gen pwoblem ki lye ak tretman mwen an?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

- Èske m ap bezwen fè tès depistaj, tankou yon kolonoskopi, pou dekovri lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè ki rive an reta oswa alontèm nan tretman ke mwen ta dwe siveye?
- Èske m ap bezwen pran kèk prekosyon pou m pa ansent yon moun apre tretman an?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen an apre tretman?

Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Pa fimen ka ede moun ki gen kansè pwostat viv pi lontan epi diminye chans pou l retounen . Lè w genyen epi kenbe yon gwochè nòmal, manje byen, bwè ase likid, epi lè w evite bwè alkòl, sa ka ede w rete an sante epi redwi risk pou w fè yon nouvo kansè pwostat oswa lòt kansè.

Jere emosyon w yo

Lè w gen kansè pwostat sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de emosyon w yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li NÒMAL pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w la konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè reliye oswa gwoup. Konsèy kapab ede tou. Gen kèk moun ki twouve sa itil pou pale ak lòt moun ki te pase pa menm eprèv yo. Yon gwoup sipò ka ofri sa. Di ekip swen kansè w lan kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.

